# Jańa imarat paydalanıwǵa tapsırıldı

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń “Jámiyette sociallıq-ruwxıylıq ortalıqtı salamatlastırıw, máhálle institutın jáne de qollap-quwatlaw, shańaraq hám hayal-qızlar menen islesiw sistemasın joqarı dárejege alıp shıǵıw is-ilájları haqqında”ǵı PF-5938-sanlı pármanına tiykar puqaralar jıyını xızmetkerleri ushın bir qansha qolaylı sharayatlar jaratıp berilmekte. Olardıń materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew boyınsha Kegeyli rayonı aymaǵındaǵı 16 awıl hám mákan puqaralar jıyınlarına 2021-jıl yanvar ayında 28 dana kompyuter hám 14 dana 3/1 printer jergilikli byudjet esabinan alıp berildi.

Image not found or type unknown

Ózbekstan «Asaka bank» AKB basqarması esabınan rayon aymaǵındaǵı 14 awıl hám mákan puqaralar jıyınlarına uyalı telefon (smartfon) alıp berildi.

Image not found or type unknown

Puqaralar jıyını imaratların jańadan qurıw hám ońlaw boyınsha da kólemli bir qansha jumıslar ámelge asırılmaqta. Kegeyli rayonı aymaǵındaǵı 6 APJ hám MPJ imaratlarında jańadan qurilis, ońlaw jumısları alıp barılmaqta. Atap aytqanda, «Jalpak jap» APJ imaratına jergilikli byudjet esabınan 655 000 000 (altı júz eliw bes million) so’m muǵdarında qarjı ajıratılıp, qayta ońlaw jumısları alıp barıldı hám saltanatlı túrde paydalanıwǵa tapsırıldı.

Image not found or type unknown